

# Pioneer Park Elementary School



39500 Pioneer Park Road · Belle Glade, FL. 33430  
Phone: (561) 993-8600 Fax: (561) 993-8650

Dr. Sandra Moreau  
Principal



Michelle Jeffrey  
Assistant Principal

## AKÒ LEKÒL LA AK PARAN POU ANE 2022-2023

*Pioneer Park Elementè angaje pou founi yon edikasyon -klas ak ekselans ki ap pèmèt chak elèv rive jwen ak pi gro potansyèlite li ak anplwaye ki pi efikas pou ankouraje konesans, konpetans, ak regleman yo ki mande pou yon sitwayen responsab e yon karyè pwodik-tif.*

*Akò sa-a pataje reskonsablite lekòl la, mezon yo, e elèv yo pou elèv yo kapab acheve plis nan akademi yo.*

### Bi lekòl la pou Akadami:

Pou ogmante lekti nan nivo, lekòl nou an pral konsantre devlope vokabilè, ogmante konpetans nan lekti e fè koneksyon tèks nan klas k-5

Pou ogmante preparasyon pou lekòl segondè, lekòl nou an pral konsantre sou bati fasilite nan matematik nan klas Matènèl-5yèm dapre nòm yo Eta Florid

### Kòm yon manb anplwaye pèsònèl nan Lekòl Pioneer Park Elementè:

Pou bay yon anviwonman ki an sekirite pou aprann.

Pou yo ka bay yon gran kalite kourikoulòm avèk enstriksyon ki pèmèt elèv yo rive satisfè nan yon estanda kiv wo.

Pou respekte ak apresye laj varyete nan diferans kiltirèl elèv yo ak fanmi yo.

Pou kominike avèk efikasite epi souvan ak elèv yo, ak fanmi yo konsènan pwogrè endividyèl elèv yo, osi byen ke opòtinite pou ka vini yon patnè tout bon nan fason yo aprann.

Pou ankouraje yon atmosfè fanmi-zanmitay kote vizitè yo akeyi ak ankouraje yo vin patisipe aktivman.

### Kòm paran / gadyen yon elèv nan Pioneer Park Elementary, mwen dakò:

Pou-m asire elèv la ale lekòl regilyèman, rive a lè, prepare, epi abiye apriyeman ak inifòm lekòl la

Pou-m revize epi siyen ajanda a chak jou

Pou-m kontwole devwa epi notifie pwofesè a si genyen pwoblèm .

Pou-m li ak elèv la sou yon baz regilye epi kontwole yo nan gade televizyon nan kay la.

Pou-m sipèvizè elèv la nan tan li ap itilize ki andeyò pwogram regilye li.

Pou-m vizite epi kominike avèk lekòl la souvan epi konferans ak pwofesè a chak semès.

Pou-m sèvi kòm volontè oswa ede lekòl la osi souvan si li posib epi mande pou asistans nan men lekòl la lè ou genyen yon bezwen.

Pou-m espere pou lèt de nouèl lekòl la mansyèlman oubyen chak mwa

Pou-m renouvle nimero telefòn mwen pou lekòl la kapab rele nou

### Kòm yon elèv nan Pioneer Park Elementary, mwen dakò:

Pou ale lekòl regilyèman, a lè, prepare, epi abiye kòm sadwa ak inifòm • Pou fè tout efò pou konplete tout devwa ak mande èd lè mwen bezwen.

Pou obeye règ lekòl ak montre respè pou tout moun

Pou-m fè meye ke kapab pou mwen konplete tout devwa mwen epi mande èd lè-m bezwen

Pou swiv Single school culture: BEARS, ap mache nan yon lin dwat, Bear Paw Five

Pou rapòte sitiyasyon ki danjere oswa pwoblèm bay lekòl la ak fanmi ou

Pou-m santi mwen fyè nan lekòl, lakay, ak nan kominote-a e toujou chèche pou ekselan

Administrasyon (Direktè ou byen Asistan Direktè)

Dat

Profesè

Dat

Paran/Gadyen

Dat

Elèv

Dat

